

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kiwari basa Sunda téh boga kalungguhan jadi basa daerah nu masih dipiara jeung diparaké ku masarakat panyaturna, hususna di daerah Jawa Barat. Basa Sunda nu nyampak kiwari téh mangrupa hasil tina kamekaran sapanjang mangsa. Éta kamekaran téh ditangtukeun ku kahirupan urang Sunda nu kapangaruhan ku kaayaan, situasi, kondisi, jeung mangsa. Dina Sudaryat (2007:1), basa Sunda nu mangrupa basa daerah ditangtayungan ku nagara. Luyu jeung UUD 1945, Bab XV, Penjelasan Pasal 36, anu nétélakeun yén “Di wewengkon-wewengkon anu mibanda basa sorangan, anu dipiara ku rakyatna kalawan hadé-hadé (upamana basa Jawa, Sunda, Madura, jeung sajabana), éta basa téh bakal diajénan jeung dipiara ogé ku nagara.”

Basa Sunda téh miboga fungsi, diantarana baé (1) jadi lambang kareueus daerah, (2) jadi lambang jatidiri daerah, (3) pakakas gaul di kulawarga jeung masarakat daerah, (4) pangdeudeul basa nasional, (5) basa panganteur di SD kelas awal di Jawa Barat, jeung (6) pakakas pikeun mekarkeun jeung ngadeudeul budaya Sunda (Sudaryat, 2007:2).

Nilik kana keterangan jeung fungsi basa Sunda di luhur, tétéla pisan yén basa Sunda téh kacida pentingna pikeun atat komunikasi, hususna di daerah pamaké éta basa. Sangkan basa Sunda teu punah, perlu ayana tarékah pikeun ngamumulé, ngajaga, miara, jeung mekarkeun basa Sunda. Salah sahiji tarékahna

nya éta ngaliwatan atikan formal atawa pangajaran basa Sunda di sakola-sakola, boh SD, SMP/sadarajat, atawa SMA/sadarajat. Ku cara ngaliwatan atikan formal di sakola-sakola, barudak pamaké éta basa bakal leuwih wanoh kana basa Sunda. Sakumaha dumasar kana Peraturan Daerah Provinsi Jawa Barat Nomor 5 Taun 2003, nu nétélakeun yén “*Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daerah, yang menetapkan bahasa daerah, antara lain, bahasa Sunda, diajarkan di Pendidikan Formal dan Non Formal di Jawa Barat.*” Éta tarékah téh kaasup cara nu pangéfektifna dina mekarkeun basa Sunda, sok sanajan éta tarékah téh lain hiji-hijina jalan pikeun ngamumulé basa Sunda.

Bahan pangajaran basa Sunda téh diwangun ku rupa-rupa aspék, diantarana (1) aspék kaparigelan makéna basa, (2) pangaweruh basa, jeung (3) sastra. Bahan pangajaran nu kaasup kana pangaweruh basa nya éta kandaga kecap jeung adegan basa.

Numutkeun Sudaryat (2003:5), adegan basa atawa struktur basa nya éta tata susun unsur-unsur basa (foném, morfém, kecap, frasa, klausa, kalimah, jeung wacana) anu pakait, sintagmatis (linear, horisontal, datar) tur rélatip angger nurutkeun pola-pola atawa kaédah nu tangtu. Adegan basa raket patalina jeung linguistik (élmu basa).

Ditilik tina jihad linguistik, basa téh diwangun ku dua lapisan nya éta lapisan wangun jeung lapisan eusi. Lapisan wangun ngawengku dua tahapan, nya éta wangun gramatik nu ngawengku wacana, kalimah, klausa, frasa, kecap, jeung morfém; wangun fonologi anu ngawengku engang, foném, jeung sora. Lapisan eusi mangrupa harti atawa ma’na.

Kecap jeung morfém mangrupa ulikan tina élmu morfologi (tata kecap). Ari morfologi téh nya éta bagian tina tata basa anu maluruh jeung medar morfém katut prosésna dina ngawangun kecap sarta pangaruhna kana robahna warna jeung harti kecap (Sudaryat, 2003:38)

Kecap minangka bagian tina ulikan morfologi, sajaba ti bisa madeg mandiri dina unggara, ogé bisa diwangun ku prosés morfologis, nya éta ku cara (1) dirarangkénan nu disebut rundayan, (2) dirajék nu disebut kecap rajékan, jeung (3) dikantétkeun nu disebut kecap kantétan.

Kecap rundayan nya éta kecap anu diwangun ku cara ngantétkeun rarangkén kana wangun asalna, ngararangkénnna mah bisa di hareupeun wangun asalna, di tengah, tur bisa di tukangeun wangun asalna. Salah sahiji fungsi tina kecap rundayan nya éta pikeun ngawangun kecap pagawéan. Numutkeun Faturohman (1982:33), kecap pagawéan téh nya éta kecap anu nuduhkeun prilaku (gawé) jalma atawa mahluk séjén. Contona baé dahar, nincak, najong, ngalelepkeun, ngagogog, sésépak, jrrd.

Patali jeung hal di luhur, skripsi anu baris disusun nya éta kecap pagawéan rundayan nu aya dina novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP.

Pangna novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi dipilih pikeun dijadikeun sumber data, sabab dina ieu novel téh remen kapanggih kecap pagawéan rundayanana. Salian ti éta ieu novel téh luyu jeung kamampuh siswa SMP, boh tina kamampuh daya pikirna boh tina ajén psikologina, sarta eusina euyeub ku

unsur atikan nu luyu pikeun diajarkeun di SMP, tur teu ngagunakeun kekecapan anu merlukeun pamahaman jero nu kira-kira hésé dicangking ku siswa SMP.

Ku kituna, kecap pagawéan rundayan nu aya dina novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi ieu bisa dijadikeun bahan pangajaran pikeun ditepikeun ka siswa SMP. Kecap pagawéan rundayan kaasup kana bahan pangajaran kabasaan di SMP. Tujuanana sangkan siswa mampuh ngabédakeun kecap pagawéan rundayan dina kalimah.

Panalungtikan ngeunaan kabasaan nu dipatalikeun jeung bahan pangajaran geus réa nu nalungtik diantarana *Kecap Sulur dina Novel Payung Butut* karangan Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP (Ida Yuliani, 000836), *Kecap Rajékan Binarung Rarangkén* dina Novel Dina Kalangkang Panjara karangan Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP (Fitriawati Dewi, 000431), jrrd.

Pedaran ngeunaan kecap pagawéan rundayan nu dipatalikeun jeung bahan pangajaran pikeun siswa SMP geus pernah aya nu nalungtik nya éta Astria Rika, 993363 (2004) nu judul panalungtikanana nya éta “*Kecap Pagawéan Rundayan dina Novel Pangéran Kornél* karya R. Méméd Sastrahadiprawira pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SLTP”. Sok sanajan kecap pagawéan rundayan nu dipatalikeun jeung bahan pangajaran geus aya nu medar, tapi panalungtikan nu rék dilaksanakeun ieu mah béda tilikanana jeung objékna nya éta nalungtik tina jihat wangun, wanda jeung hartina. Sedengkeun objék nu jadi panalungtikanana nya éta data tina novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi.

Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Kecap Pagawéan Rundayan dina Novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Luyu jeung kasang tukang, masalah dina ieu panalungtikan téh ngeunaan kecap pagawéan. Pedaran ngeunaan kecap pagawéan dina basa Sunda téh lega pisan. Ku kituna, novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi bisa dijadikeun sumber panalungtikan pikeun nalungtik kecap pagawéan.

Lantaran ambahan ngeunaan kecap pagawéan téh lega, masalah nu baris didéskripsiéun dina ieu panalungtikan téh diwatesanan nya éta ngan medar ngeunaan wangun, wanda jeung harti kecap pagawéan rundayan nu aya dina novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi. Sajaba ti éta, dipedar ogé jéngléngan bahan pangajaran kecap pagawéan rundayan basa Sunda pikeun pangajaran basa Sunda di SMP.

1.2.2 Rumusan Masalah

Nu jadi masalah pokok dina ieu panalungtikan nya éta sakumna kecap pagawéan rundayan nu aya dina novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi anu baris dirumuskeun dina wangun patalékan ieu di handap:

- a. kecap pagawéan rundayan naon waé anu aya dina novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi?

- b. wangun kecap pagawéan rundayan naon waé anu aya dina novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi?
- c. wanda pagawéan rundayan naon waé anu aya dina novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi?
- d. harti kecap pagawéan rundayan naon waé anu aya dina novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi?
- e. kumaha jénglénganana bahan pangajaran kecap pagawéan rundayan basa Sunda tina novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi pikeun pangajaran basa Sunda di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Sagala kagiatan dina kahirupan manusa tangtuna baé miboga tujuan sangkan kagiatan éta téh puguh guluyuranana. Saluyu jeung kasang tukang masalah katut rumusan masalah nu geus ditétélakeun di luhur, tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. pikeun ngadéskripsikeun wangun kecap pagawéan rundayan nu aya dina novel *Babalik Pikir*;
- b. pikeun ngadéskripsikeun wanda kecap pagawéan rundayan nu aya dina novel *Babalik Pikir*;
- c. pikeun ngadéskripsikeun harti kecap pagawéan rundayan nu aya dina novel *Babalik Pikir*; jeung

- d. pikeun ngadéskripsiéun bahan pangajaran kecap pagawéan rundayan tina novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan nya éta:

- a. pikeun panalungtik, ieu panalungtikan téh salaku média pikeun nambahán pangaweruh diwidang basa, hususna ngeunaan kecap pagawéan rundayan;
- b. méré informasi ka sadaya nu maca ieu panalungtikan ngeunaan kecap pagawéan rundayan, hususna kecap pagawéan rundayan naon waé anu aya dina novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi;
- c. pikeun ngeuyeuban kabeungharan ulikan kabasaan, hususna ngeunaan kecap pagawéan rundayan;
- d. pikeun pangdeudeul hasanah kapustakaan di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah;
- e. pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan kecap pagawéan rundayan katut tiorina nu patalina jeung kagiatan pangajaran basa Sunda di sakola;
- f. pikeun guru basa Sunda, bisa dijadikeun alternatif dina milih bahan pangajaran basa Sunda di SMP, hususna ngeunaan kecap pagawéan rundayan; jeung
- g. pikeun murid, sangkan leuwih gampang meunangkeun conto-conto wangun kecap, hususna wangun kecap pagawéan rundayan.

1.5 Anggapan Dasar

Dasar pamikiran pikeun dadasar panalungtikan salaku cecekelan disebut anggapan dasar atawa asumsi. Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. Kecap pagawéan rundayan mangrupa salah sahiji tina élmu katatabasaan.
Kecap pagawéan rundayan nya éta kecap anu nuduhkeun kalakuan, paripolah, pagawéan jeung mahluk séjénna, diwangun ku cara ngararangkénan kana wangun dasarna;
- b. Kecap pagawéan rundayan téh bisa ditalungtik tina jihat wangun, wanda jeung hartina.
- c. Kecap pagawéan mangrupa salah sahiji matéri pokok pangaweruh basa anu kudu diajarkeun di SMP.

1.6 Raraga Tiori

Tiori-tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tiori-tiori ngeunaan panalungtikan, kecap, kurikulum jeung pangajaran.

Tiori-tiori ngeunaan panalungtikan diantarana: Pedoman Penulisan Karya Ilmiah (Tim Dosen UPI, 2008), Metodologi Penelitian Kualitatif (Moleong, Lexy J., 2004), jeung Pengantar Metodologi Penelitian Pendidikan dan Pengajaran Bahasa (Suyatna, Amir., 2002).

Tiori-tiori ngeunaan kecap, hususna wangun kecap jeung warna kecap basa Sunda nya éta ngagunakeun tiori: Tata Basa Sunda Kiwari (Sudaryat, Yayat Spk., 2007), Morfologi Basa Sunda (Rosmana, Iyos Ana., 2003), Galuring Basa

Sunda (Tamsyah, Budi Rahayu Spk., 2001), Tatabasa Sunda (Faturohman, Taufik., 1982), Tatabasa Sunda (Djajasudarma, Fatimah., 1980), Kandaga Tatabasa (Djajawiguna, H.I.Buldan., 1982), jeung Pedaran Basa Sunda (Sudaryat, Yayat., 2003).

Sedengkeun, tiori-tiori ngeunaan kurikulum jeung pangajaran diantarana tiori: Modé尔 Pangajaran Kompeténsi Basa Sunda (Sudaryat, Yayat., 2004), Pedoman Pengembangan Kurikulum Berbasis Kompeténsi Mata Pelajaran Bahasa Daerah (Sunda) untuk Guru SD dan SMP (Prawirasumantri, A., dkk., 2003), Standar Kompeténsi dan Kompeténsi Dasar Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda (Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2007).

1.7 Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nya éta “Kecap Pagawéan Rundayan dina Novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP”. Sangkan henteu salah tafsir kana judul ieu panalungtikan, aya sababaraha istilah anu perlu dirumuskeun heula, patali jeung variabel dina judul panalungtikan, nya éta:

a. Kecap Pagawéan Rundayan

Kecap pagawéan numutkeun Sudaryat (2005:77), nya éta kecap nu nuduhkeun paripolah, kalakuan jeung prosés barang, sipatna bisa dinamis bisa statis. Ari kecap rundayan numutkeun Rosmana (2003:23), nya éta kecap anu diwangun ku cara ngantétkéun rarangkén (afiks) kana wangu asalna.

b. Novel Babalik Pikir

Nutmukéun Iskandarwassid (1992:91) netélakeun yén novel téh nya éta prosa rékaan (fiksi) nu naratif (ngawujud lalakon), umumna panjang, sarta galur caritana atawa plotna kompléks (ngarancabang). Novel *Babalik Pikir* nya éta novel nu dikarang ku Samsoedi, dipedalkeun ku Balé Pustaka dina taun 1932, kalawan jumlah kacana aya 72 kaca. Novel *Babalik Pikir* kaasup kana novel caritaan barudak.

c. Bahan Pangajaran

Bahan pangajaran nya éta matéri pangajaran anu ditepikeun jeung nu bakal ditepikeun ku guru, dina kagiatan diajar-ngajar di sakola.

Dumasar kana wangenan di luhur, tétéla yén anu dimaksud “Kecap Pagawéan Rundayan dina Novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP” nya éta ngadéskripsikeun kecap pagawéan rundayan tina novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi, nu dianalisis tina jihat wangun, wanda, jeung harti pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP.

1.8 Métodologi Panalungtikan

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ulikan pustaka. Instrumén panalungtikan nu digunakeunana nya éta sistem korpus/kartu data.

1.9 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi nu dipedalkeun ku Balé Pustaka taun 1932, kalawan jumlah kacana aya 72 kaca.

